



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

10 Oktòb, 2019

Chè Paran ak Gadyen yo:

Distri Lekòl Piblik Elizabeth la kontan pou ofri elèv nou yo yon Program Anrichisman Apre-Lekòl nan tout lekòl elemantè ki programme pou kòmanse 12 Novanm 2019. Program sa kreye pou elaji opòtinite aprantisaj pou elèv nou yo atravè eksperyans anrichisman ak sipò akademik. Li angaje elèv yo nan aktivite kreyatif ki prepare pou satisfè bezwen akademik, fizik ak emosyonèl elèv yo.

Òf yo varye nan chak lekòl depann sou bezwen ak enterè elèv yo. Program Anrichisman Apre Lekòl ofri yon varyete aktivite pou yon èdtan pa jou lè Madi, Mèkredi, ak Jedi pou chak semèn jiska 8 Avril, 2020. Gen lòt program apre lekòl yo ki pral disponib nan tout lekòl elemantè Tit I yo ki genyen ladan yo:

Program Aljèb I Apre Lekòl pou yon èdtan pa jou lè Madi, Mèkredi ak Jedi pou chak semèn apati 10 Desanm, 2019 jiska 8 Avril, 2020;

Program Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl Apre Lekòl pou yon èdtan pa jou lè Madi, Mèkredi ak Jedi pou chak semèn ant 14 Janvye, 2019 jiska 14 Me, 2020;

Program Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl Apre Lekòl pou yon èdtan pa jou lè Madi, Mèkredi ak Jedi pou chak semèn ant 14 Janvye, 2019 jiska 14 Me, 2020;

Program Apre Lekòl pou Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM) pou yon èdtan pa jou lè Madi, Mèkredi ak Jedi pou chak semèn ant 21 Avril, 2019 jiska 14 Me, 2020;

Sesyon Ti-Gwoup Sosyal-Emosyonèl avèk Konseye Akademik ak Travayè Sosyal Program Apre Lekòl pou yon èdtan pa jou lè Madi, Mèkredi ak Jedi pou chak semèn ant 3 Desanm, 2019 jiska 14 Me, 2020 (2 jou pa semèn).

Nou agrandi òf nou yo nan ane lekòl sa pou enkli aktivite nan alfabetizasyon, matematik, ar pèfòmans, ar vizyèl, edikasyon fizik, STEM, ak sipò sosyal / emosyonèl. Lekòl yo detèmine aktivite yo ofri dapre enfòmasyon sou pèfòmans yo, fòs pwofesè yo, tèm lekòl la, ak / oswa demann elèv yo. Pou kapab chwazi òf sa yo, anplwaye lekòl la mande ase tan pou konnen bezwen ak enterè elèv yo. Pwosesis sa asire yon eksperyans aprantisaj pozitif pou elèv nou yo pandan y ap enspire yo reyalize ekselans.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer

Office of the Superintendent of Schools

500 North Broad Street, Elizabeth, New Jersey 07208 • Ph: 908.436.5010 • Fax: 908.436.6133
Email: hugelmol@epsnj.org • Website: www.epsnj.org